

PANGAJARAN TATAKRAMA -MORAL

A. NGAREGEPKEUN

Tujuan:

10. Siswa mampu mencari, mengumpulkan, dan menyerap informasi secara lisan maupun tertulis.

Ngaregepkeun Warta Wangun Prosa Arguméntasi tina Radio/Televisi

HUBUNGAN TATAKRAMA JEUNG ATIKAN MORAL

Assalamu'alaikum wr. Wb.

Pamiarsa, tatakrama jeung atikan moral téh saéstuna gumulung, lantaran dina tatakrama (aturan kasopanan) diajarkeun tatacara pikeun meuangkeun ahlak hadé. Dina atikan moral (pangajaran ahlak) ogé diajarkeun perkara sopan santun. Duanana ogé tujuanna sarua pikeun méré bimbingan sangkan tabéat manusa haradé. Ari tabéat hadé téh kapan tina iman.

Atikan tatakrama/budi pekerti basa Sunda ngawéngku tatakrama kabasaan, tatakrama kasastraan, jeung tatakrama étika moral. Ambahanana, tatakrama ngagunakeun basa jeung ngagunakeun sastra, étika moral, tatakrama sikep badan, tatakram maké pakéan, jeung tatakrama kasopanan umum.

Etika moral/ahlak ngawéngku budi pekerti, susila, ajaran hadé goréng nu ditarima ku umum, kalakuan, sikep awak, jeung kawajiban.

Wengkuan tatakrama jeung wengkuan atikan moral tétebla loba nu sarua. Ku sabab kitu, tatakrama jeung atikan moral henteu bisa dipisahkeun. Udaganana sarua pikeun ngudak ajén diri. Ari ajén diri aya dina riri probadi, saperti ngahargaan diri batur sarua jeung ngahargaan diri sorangan. Kitu deui lamun ngahina batur, sarua jeung ngahina diri sorangan, lantaran gedé kamungkinan batur moal pati ngajenan. Ajén diri mungguh Alloh mah kataqwaan. Tatakrama alus jeung moral hadé téh salasahiji indikator jalma taqka. Ku sabab éta, ajaran tatakrama jeung atikan moral sanajan sairama dina ngawujudkeun manusa nu luhung budi.

Pamiarsa, rupina biantara cekap sakieu heula.

Wassalamu'alaikum wr. Wb.

B. NULIS

1. Nyatet Kecap Panyambung

Tujuan:

3. Siswa mampu memahami dan menggunakan jenis kata (warna kecap) dalam kalimat.

Dina biantara "Hubungan Tatakrama jeung Atikan Moral" digunakeun kecap-kecap panyambung (kata sambung-konjungsi) saperti, *jeung*, *lamun* dina kalimah :

- ... sikep badan, tatakrama makée pakéan, **jeung** tatakrama kasopanan umum.

- ... Kitu deui **lamun** ngahina batur, sarua jeung ngahina diri sorangan, lantaran gedé kamungkinan batur moal pati ngajénan.

Dina pangajaran ti heula kungsi dipedar warna kecap. Warna kecap téh aya dua golongan: golongan utama kecap barang/sulur, kecap pagawéan, kecap sipat, jeung kecap bilangan) jeung golongan kecap pancén/kata tugas. (Band. Sutawijaya, spk., 1981: 19).

Kecap pancén nu dipedar dina ieu pangajaran nya éta kecap panyambung (konjungsi). Pangna disebut kecap panyambung, lantaran jadi panyambung kecap/frasa/kalimah. Kecap panyambung aya nu disebut kecap panyambung: *koordinatif, subordinatif, jeung korélatif*.

a. Kecap panyambung koordinatif

Nyambungkeung kecap/frasa/klausa anu sadarajat, ditempatkeun di tengah-tengah unsur nu disambungkeun, saperti:

*jeung
komo
ibarat
kayaning
tapi
atawa
padahal
lir
kawas
sigā*

Conto:

- Pangajaran basa *jeung* pangajaran sastra jadi ulikan siswa.
- Barudak, hayang ulangan *atawa* hayang sawala?
- Hidep meunang balik, *tapi* kudu ngajawab heula soal kecap panyambung.
- Cacak teu dititah hidep mah rajin diajar, *komo* lamun dititah.
- Manéhna bisa ngajawab soal, *padahal* teu dibéjaan rék ulangan.
- Raray Asri mah *sigā* raray ibuna.

b. Kecap panyambung subordinatif

Nyambungkeun/ngamimitian kalimah ngantét sélér-sumélér (*kalimat majemuk bertingkat*), saperti:

lamun/mun
sangkan
waktu
supaya
abong-abong
sabab
lantaran

Conto:

- *Lamun* hayang jadi jalma pinter, urang kudu getol diajar.
- *Sangkan* salamet dunya ahérat, hirup téh kudu asak jeujeuhan.
- *Waktu* ka tukang manéhna téh baléng, tapi ayeuna mah pohara bageurna.
- Sing tumut kana bebeneran, *supaya* urtang salamet.

- Ulah *abong-abong* keur jaya, ka nu séjén nganggap teu pira.
- Urang teu meunang adigung, *sabab* adigung téh dibendu ku Nu Mahaagung.
- Manéhna pohara sabarna, ku *antaran* kitu loba jalma nu mikanyaah.

c. Kecap panyambung korélatif

Nyambungkeun kecap/frasa/klausa sadarajat, ditempatkeunna di awal jeung di tengah unsur anu disambungkeunna, saperti:

*boh, boh
sanajan ..., moal ...
nya ..., nya ...
beuki ..., beuki ...
moal ..., lamun ...
leuwih ..., leuwih ...*

Conto:

- boh kuring, boh manéhna ayeuna geus sumarita.
(cumarita = geus bisa hirup sorangan, imah-imah sorangan).
- Beuki kolot téh anjeunna beuki soléh haté, tara ieuh pacogrégan.
- Sanajan geus jadi jelema jegud, moal poho ari kana maot mah.
- Moal daék deleka deui sugar lamun manéhna geus meunang cocoba mah.
- Estu matak kayungyun, nya haji, nya santri, nya bageur deuih.
- Leuwih jauh, leuwih hadé, dideukeutan gé picilakaeun.

2. Nyatet Hal nu Perting

Tujuan:

10. Siswa mampu mencari, mengumpulkan, dan menyerap informasi secara lisan maupun tertulis.

Biantara “Hubungan Tatakrama jeung Atikan Moral” pikeun urang mungkin hal nu pentingna aya dina bagian awal, tapi pikeun batur mah mungkin hal nu penting téh aya dina bagian ahir. Ku lantaran kitu, urang bisa nuliskeun hal nu penting numutkeun urang. Pangna éta hal dianggap pentng tangtu aya alesanana.

Jawab ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Kalimah nu ngandung kecap panyambung
 - A. Lamun bisa, sok jawab ku maneh sing bener!
 - B. Piraku teu bisa ka nu kieu-kieu acan!
 - C. Dina buku diterangkeun perkara kecap panyambung
 - D. Nuliskeun kecap mah kudu dipisahkeun.
2. Beuki luhur sakola, beuki resep diajar téh.
Kalimah di luhur kaasup kalimah nu ngandung kecap panyambung
 - A. subordinatif jeung korélatif
 - B. subordinatif
 - C. koordinatif
 - D. korélatif

3. Kalimah nu ngandung kecap panyambung subordinatif
 - A. Kudu sorangan dijawabna soal téh.
 - B. Kamari kuring maca buku di perpustakaan
 - C. Di mana aya sakadang kuya nu bisa ngomong?
 - D. Sangkan teu salah ngajawab, baca heula sing telik.

Jawab ieu soal!

4. Catet hiji hal nu ceuk hidep penting perkara tabéat manusa nu hadé nu aya dina warta “Hubungan Tatakrama jeung Atikan Moral”!
5. Tulis ambahan tatakrama nu aya dina warta “Hubungan Tatakrama jeung Atikan Moral”!

C. NYARITA

Tujuan :

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, pendapatan pengalaman secara lisan maupun tertulis.

1. Nyaritakeun deui Warta

Warta “Hubungan Tatakrama jeung Atikan Moral” ku urang kudu dicaritakeun deui eusina, dibéjakeun ka batur urang. Prakna nyaritakeun, kalimahna bisa bébas, gumantung kana kamampuh urang. Urang bisa nyaritakeun tabéat manusa, ambahan tatakrama, ambahan étika moral, jeung ajén diri.

Cara nyaritakeun warta ieu pati béda jeung cara nulis karangan, bisa **ngaruntuy** (*kronologis* dumasar kana runtulan kajadian waktu, nyaritakeun ti **a** nepi ka **z** atawa ti hiji, ka dua, tilu, opat, jeung satulunya), bisa **bobok tengah** (ti bagian tengah jeula kakara kana bagian séjén), jeung bisa **alur mundur** (ti tukang heula atawa tina bagian ahir heula kakara kana bagian séjén).

2. Ngoméntaran Masalah tina Warta

Ngoméntaran ngandung harti napsiran (koméntar = tapsir). Koméntar téh pandangan pribadi ngeunaan salasahiji perkara. Perkara nu kudu dikoméntaran dina ieu pangajaran nya éta eusi warta “Hubungan Tatakrama jeung Atikan Moral”.

Koméntar urang mungkin béda jeung koméntar batur. Hal ieu tong jadi halangan, dan koméntar mah pandangan pribadi, teu anéh lamun pandangan urang béda jeung pandangan batur. Geuning urang kungsi ngabandungan **koméntator** (jalma nu méré koméntar) ngoméntaran perkara Mike Abdul Aziz Tyson waktu mertahankeun Gelar Tinju Dunia ngalawan Evander Holyfield bulan Novémber 1996, koméntar nu lalajo béda-béda.

3. Nyindekkeun Eusi Warta

Nyindekkeun eusi warta (*berita*) teu pati béda jeung nyindekkeun bacaan nu ku urang kungsi dijieun kacindekanana. Kacindekan (*kesimpulan*) nu dimaksud dina ieu pangajaran nya éta ringkesna/pendékna tina pedaran perkawa warta “Hubungan Tatakrama jeung Atikan Moral”.

Cara nyieun kacindekan warta, mimitina jieun ringkesan tina unggal paragraf/idé pokok, satulunya ringkes deui sina pendék, jadi inti poko (*ésensial*).

4. Nyaritakeun Kecap Khas dina Istilah

assalamu 'alaikum wr. Wb	=	kecap nu dipaké pikeun salam bubuka
tatakrama	=	sopan santun (pikeun silih ajénan)
atikan moral	=	ajaran ahlak
kasopanan	=	tatakrama atawa kasusilaan
ahlak	=	budi
tabéat	=	adat kabiasaan
ajén diri	=	harga diri
indikator	=	bahan nu jadi pituduh atawa keterangan, ciri
luhung budi	=	mulya haté serta luhur élmu
wassalamu'alaikum wr. wb	=	kecap nu dipaké pikeun salam panutup

D. NULIS

Tujuan :

10. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, pendapat, dan pengalaman secara lisan maupun tulisan.

1. Nyusun Karya Tulis kalayan Ngagunakeun Bacaan tina Sababaraha Sumber

Karya tulis sok ngagunakeun sumber. Sumber karya tulis bisa jalma (répondén), peristiwa, jeung *literatur* (buku, file). Prakna nulis kamungkinan idé urang gabungan tina tilu sumber tadi atawa gabungan tina sabaraha bahan bacaan.

Idé tina rupa-rupa sumber kamungkinan ku urang *dimodifikasi, diinternalisasi* nepi ka jadi gagasan anyar. Upama téa mah maké éta sumber, upayakeun sumberna kudu disebut sing lengkep sangkan teu dianggap nurun (ngajiplak, plagiat).

Mungkin aya karya tuis nu dipublikasikeun diributkeun lantaran henteu disebutkeun sumberna. Mungkin ogé aya karya tulis nu teu nohonan aturan, tapi tara ieu aya nu ngaharu-biru ari teu populér mah. Sikep urang kudu nohonan bebeneran, saperti dina nuliskeun sumber. Cara nuliskeun daptar pustaka (daptar bacaan, literatur, référénsi) saperti kieu.

- Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. (1991). *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Wahjono, Prof. Padmo, S.H.. (1987). *Undang-Undang Hak Cipta: Yang telah Disempurnakan*. Jakarta: Sinar Grafika.
- Rahman, Drs., spk.. (1994). Basa Sunda SLTP 1. Bandung. Penerbit Humaniora.

Cara nulis daptar pustaka:

- 1) ngaran/lembaga panyusun (ngaran marga/turunan diheulakeun, tuluy gelar – lamun aya gelaran),
- 2) taun dukurangan,
- 3) judul buku/majalah (dicitak condong atawa digurat handap,
- 4) kota penerbit, jeung
- 5) ngaran penerbit.

Dina karangan sok aya keterangan nu dipetik tina bacaan. Cara metik bisa saperti kieu.

- a. Saperti nyieun kahadéan jeung nyarita nu alus ka papada manusa dina Qura'an ditandeskeun saperti kieu.

"Jeung geura prak maranéh nyaritakeun kahadéan ka indung bapa, ka sanak kulawarga, ka barudak yatim, hjeung ka jalma-jalma anu mariskin sarta maranéh kudu nyarita ka papada manusa ku omongan-omongan anu aralus ... " (QS. Al-Baqoroh : 83).

- b. R. I. Adiwidja (1951 : 9) nyebutkeun, "Nu nyarita ngalisankeun angen-angen ka nu dibawa nyarita sarta sabisa-bisa usaha, sangkan nu dibawa nyarita téa katarik haténa, nepi pikiranana jeung ciptaanana sarua jeung nu nyarita."

- c. ... Komunikasi dan interaksi masyarakat Indonésia mungkin menggunakan bahsa Indonésia, bahasa daerah, dan atau bahasa asing sebagai alat komunikasi. Kemungkinan ini dilatarbelakangi oleh situasi kebahasaan. Situasi kebahasaan di Indonésia majemuk (Rahman, 1992: 1). Ieu hal nuduhkeun kamungkinan basa nu dipaké komunikasi jeung interaksi masarakat Indonésia.

2. *Nyusun Rangkay Karangan*

Dina pangajaran 12, kelas 1 jeung dina pangajaran 5. A. 3-4 kelas 3 urang kungsi diajar nyusun rangkay (outline) karangan. Kitu deui ayeuna urang diajar deui.

Nyusun rangkay karangan bisa dilaksanakeun lamun urang geus nangtukeun *topik* jeung *téma* karangan, satulunya urang nyieun kalimah-kalimah inti (*tésis*) nu patali jeung *téma* karangan.

Upama geus aya kalimah-kalimah inti nu luyu jeung *téma*, rangkay karangan bisa disusun. Pola susunan rangkay karangan bisa maké pola *ilustratif*, *analitis*, atawa *arguméntatif* (tingali Akhadiah, 1986: 239-241).

- a. Dina pola **ilustratif** rangkay karangan dimimitian tina ilustrasi (conto-conto, babandingan atawa kontras) heula kakara kana kalimah inti (hal poko).
- b. Dina pola **analitis** rangkay karangan dimimitian ku hal nu poko (kalimah inti) kakara kana babagianna/wincikanana atawa contona.
- c. Dina pola **arguméntatif** rangkay karangan dimimitian tina *évidénsi* (*pernyataan*) nu jadi *prémis* (hal nu dijueun alesan pikeun nyieun kacindekan) kakara kana kacindekan.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Cara nyieun kacindekan warta dimimitian tina nyieun ringkesan
 - A. unggal paragraf/idé poko
 - B. bagian ahir warta
 - C. bagian awal
 - D. inti poko (ésensial)
2. Koméntar téh ... pribadi ngeunaan salahiji perkara.
 - A. patalékan
 - B. usulan
 - C. pandangan
 - D. jawaban

3. Sopan santun pikeun silih ajénan
 - A. ahlak
 - B. tabéat
 - C. adat
 - D. tatakrama

Jawab ieu soal!

4. Upama urang kudu nyaritakeun ambahan tatakrama, naon nu kudu dicaritakeun?
5. Tuluykeun ieu bagian karangan jadi paragraf nu maké pola ilustratif!
Tatakrama étika moral, tatakrama biasa ...

3. Ngamekarkeun Rangkay Karangan

Ieu di handap aya rangkay karangan nu kudu pekarkeun jadi karangan maké pola analitis.

- a. wangenan tatakrama
- b. wengkuan atikan tatakrama
- c. wengkuan étika
- d. udagan tatakrama

Jawab ieu soal!

Susun karangan nu judulna “Tatakrama” maké pola analitis tina rangkay karangan di luhur!

E. NYARITA

Tujuan:

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, pendapat, dan pengalaman secara lisan maupun tulisan.

Medar Karya Tulis nu Geus Disusun

Karangan nu judulna “tatakrama” (buatan hidep) tukeurkeun jeung karangan buatan batur hidep.

Jawab ieu soal!

Karangan batur hidep téh koméntaran (ku basa lisan) pariksa:

1. cara ngatur gagasananna!
2. cara ngagunakeun formatna!
3. cara nulis daptar pustakana!